



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

### MEMORANDÒM

Pou: D.P.U. 21-50 Lis Distribisyon Elektwonik

SÒTI NAN: Laurie Ellen Weisman, Avoka Prensipal

Scott Seigal, Ofisyè Odyans lan

Osijè: Òd di jou ak liy direktris konferans teknik la

DAT: 11 Jiyè 2023

Cc: Mark D. Marini, Sekretè Depatman an

THIS IS AN IMPORTANT NOTICE. PLEASE HAVE IT TRANSLATED. ESTE É UM  
AVISO IMPORTANTE. QUIERA MANDÁ-LO TRADUZIR. ESTE ES UN AVISO  
IMPORTANTE. SIRVASE MANDARLO TRADUCIR. QUESTA È UN'INFORMAZIONE  
IMPORTANTE, SI PREGA DI TRADURLA. 此为重要通知。请加以翻译。DÂY LÀ MỘT  
THÔNG BÁO QUAN TRONG. XIN HÃY DỊCH NÓ. SA A SE YON AVI ENPÒTAN.  
TANPRI FÈ LI TRADUI, KEL LI E UN AVIZU IMPORTANTI. FAVOR MANDA  
TRADUZIL.

#### I. ENTWODIKSYON

Nan dat 27 jen 2023, Depatman Sèvis Piblik yo ('Depatman') te pibliye yon Memorandòm Ofisyè Odyans lan ki te anonse yon konferans teknik vityèl nan dat k ap lendi 24 jiyè 2023, sòti 10:00 a.m. rive 5:00 p.m. pou diskite sou òdonans entèlokitwa 28 desanm 2022 Depatman an ak Pwojè Politik sou Amelyorasyon sansibilizasyon ak Patisipasyon Piblik la ('Pwojè Politik'). Ankèt sou aksè piblik, D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisyè Odyans la (27 jen 2023). Memorandòm sa a gen ladan òd di jou a, detay pou gen aksè, ak direktiv pou patisipasyon nan konferans teknik la.

## II. Òd di jou

- Mesaj byenveni ak Gid pou Patisipasyon
- Klasifikasyon: Diskite sou tablo nivo sa a:

<b>Nivo 1 [Chanjman enpòtan nan politik, gwo ka politik, chanjman fondamantal nan pwosedi]</b>	<b>Nivo 2 [majorite ka ki gen odyans]</b>	<b>Nivo 3 [ka ki pa bezwen odyans]</b>	
Pousantaj Debaz Distribisyon Ka yo	Desizyon Konsilitatif	Evalyasyon	Depresyasyon
Avi Ankèt enpòtan : pa egzanp, D.P.U. 20-80 Dosye sou lavni Gaz, D.P.U. 23-50, Sèvis Debaz Envestigasyon	Règlemantasyon	Depozisyon ki lye avèk sèvis debaz yo	Plent konsomatè yo; Apèl chofè Rezo konpayi Transpò yo; desizyon Dig Safe; Plent Founisè konkiran yo.
Fizyon	Plan Efikasite Enèji ('EE') ak Rapò peryodik	Kontra espesyal	Plan Entèvasyon Dijans
Zòn Egzanpsyón	Plan Previzyon ak aPwovizyonman	Reglaj gaz Depo faktè	Kalite Sèvis
Pwosedi ki gen yon gwo enpak jeyografik espesifik sou yon popilasyon EJ ki pa pataje avèk rès teritwa sèvis la. Yon pwosedi Nivo 2 oswa Nivo 3 ki gen yon enpak jeyografik enpòtan sou yon popilasyon EJ ki pa pataje avèk rès teritwa sèvis la ap pase monte nan Nivo 1.	Kontaj nèt (faktè ki pa konsilyab)	Aryere Plan Jesyon	Mekanis rekonsilyasyon: Reajisteman, Faktè Ajisteman Pansyon, Faktè Ajisteman pou Dekouplaj Revni, Faktè rekonsilyasyon EE, Sitaks EE, Sitaks rekiperasyon kontaj nèt, Depozisyon pou modènizasyon rezo, Machin elektrik, Depo rapwochman GSEP
	Aggregasyon Minisipal yo	Koutye / revandè Lisans	Deklarasyon enfòmativ/administrativ
	Plan modènizasyon rezo ak rapò peryodik		
	Finansman		
	Plan pou zafè machin elektrik		
	Kontra renouvlab alontèm		

	Plan Amelyorasyon Sistèm Gaz (‘GSEP’)		
--	--	--	--

- Sensibilisation: Eksploré kijan sansibilizasyon an pral reyalize daprè yerachizasyon ka yo ki site pi wo a, ki gen ladan sijè sa yo:
  - Kowòdinasyon konpayi distribisyon ak pati prenant yo;
  - Kominikasyon avèk responsab minisipal ak lidè kominotè;
  - Lis distribisyon tèks ak imèl; epi
  - Tradiksyon ak entèpretasyon.
- Rezime nan langaj klè dokiman ki depoze yo
- Pwochen etap

### III. GID POU KONFERANS TEKNIK VITYÈL

#### A. Platfòm Videyokonferans ak Aksè Piblik

Depatman an pral òganize konferans teknik la atravè platfòm videyokonferans ki rele Zoom nan. Nenpòt moun ka patisipe nan difizyon andirèk konferans teknik la lè li rantre lyen sa, <https://us06web.zoom.us/j/86935655808>, sou yon òdinatè, smartphone, oswa tablèt. Pa gen okenn lojisyèl ki obligatwa pou telechaje davans. Pou patisipasyon odyo sèlman nan konferans teknik la, rele (646) 558-8656 (apèl la pa gratis) epi antre nan reyinyon an. ID# 869 3565 5808.

Konferans teknik sa a ap disponib nan lang Angle, Panyòl, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Chinwa senplifye, ak Vyetnamyen. Pou jwenn aksè nan sèvis entèpretasyon pandan tab wonn lan, klike sou bouton ‘Entèpretasyon’ (ikòn glòb la) nan meni ki anba ekran Zoom la epi chwazi lang ki apwopriye a. Pou mande lòt sèvis lengistik, kontakte Laurie Ellen Weisman, Avoka prensipal nan, [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), oswa Scott Seigal, Ofisyè Odyans lan, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov). Pou mande materyèl nan fòma aksesib pou moun ki gen andikap (Bray, gwo lèt, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan [Gabriella.Knight@mass.gov](mailto:Gabriella.Knight@mass.gov).

#### B. Panelis

##### 1. Panelis deziyen yo

Antite sa yo te bay kòmantè sou pwojè politik la: (1) konpayi distribisyon yo ansam; (2) Pwokirè Jeneral Eta Massachusetts; (3) Depatman Resous Enèjetik nan Massachusetts;

(4) Fondasyon pou Dwa Konsèvasyon; (5) Vil Hopkinton; (6) Pipe Line Awareness Network for the Northeast, Inc.; epi (7) Fon Defans Anviwònman an, Gwooup Rezidan nan Boston, ak Vote Solar konjwentman. Depatman an deziyen antite sa yo kòm panelis pou lanse konferans teknik la ('manm panèl deziyen an').

Depatman an ap dirije konferans teknik la. Pou asire ke konferans teknik la byen dewoule ak fèt nan lòd, se sèlman pèsonèl Depatman an ak panelis deziyen yo ki pral parèt nan videoyo a e k ap kapab aktive mikwo yo pou pale nan moman diskisyon yo.

## 2. Avi pou Panelis yo

Panelis deziyen yo dwe bay Ofisyè Odyans yo pa pita pase senk jou ouvrab anvan konferans teknik la (sa vle di, **lendi 17 jiyè 2023** oswa anvan) non, tit, ak adrès imèl moun yo k ap fè pati panèl la k ap patisipe nan konferans teknik la.

## 3. Lyen espesyalize

Chak panelis pral resevwa yon envitasyon endividylèn nan men Depatman an. Panelis yo dwe aksede nan konferans teknik la atravè lyen ki bay nan envitasyon an. Panelis yo pa dwe pataje envitasyon yo ak okenn lòt panelis, paske chak moun gen yon lyen espesifik.

Depatman an prevwa voye lyen dedye yo pa imèl pou konferans teknik la bò **Mèkredi 19 jiyè 2023**. Chak panelis ta dwe tcheke dosye spam nan imèl yo nan ka panelis la pa resevwa yon lyen nan bwat resepsyon adrès imèl yo te bay Ofisyè Odisyans yo. **Anvan 5:00 p.m. nan dat jedi 20 Jiyè 2023**, yon reprezantan chak manm panèl ki deziyen yo dwe konfime Ofisyè Odyans yo pa imèl ke chak panelis te resevwa yon imèl ki gen yon lyen espesifik.

## 4. Afichaj non ak admisyon

Panelis yo dwe idantifye tèt yo sou Zoom avèk non konplè yo ak non òganizasyon yo reprezante a. Panelis yo dwe rantre nan konferans teknik la **pa pita pase 9:45 a.m.** pou asire ke odyo ak videoyo yo fonksyone byen.

## 5. Sal datant

Platfòm videoyokonferans Zoom nan gen ladan yon fonksyon sal datant, ki pèmèt monitè odyans lan kontwole lè panelis yo rantre nan konferans teknik la. Nan kòmansman konferans teknik la ak apre poz yo, lyen ki nan envitasyon an pral pèmèt panelis yo jwenn aksè nan sal datant la epi enfòme monitè odyans la sou prezans yo.

C. Kòmantè

Depatman an pral bay patisipan yo ki pa fè pati panelis yo opòtinite pou fè kòmantè sou chak sijè. Moun ki vle fè kòmantè yo dwe itilize fonksyon Leve Men oswa konpoze \*9 lè Ofisyè Odyans lan mande sa. Ofisyè Odyans lan pral rele moun ki vle fè kòmantè yo nan lòd yo parèt sou ekran Ofisyè Odyans lan. Lè sa a, monitè odyans lan ap bay panelis yo fè kòmantè yo epi retounen bay patisipan yo pouswiv ak kòmantè pa yo.

D. Monitè odyans la ak Asistans Teknik

Monitè odyans pou konferans teknik la se pral Shirley Barosy, Asistan Jiridik pou Divizyon Legal Depatman an. Monitè odyans lan pral gen privilèj pou l prezantatè.

Panelis yo ak moun k ap fè kòmantè yo dwe rapòte nenpòt difikilte teknik bay Madam Barosy nan [shirley.barosy@mass.gov](mailto:shirley.barosy@mass.gov), ansuit ki pral voye enfòmasyon sa yo bay Ofisyè Odyans yo.

E. Videyo

Panelis ak kòmantatè yo dwe fè prezantasyon pa videyo. Si yon panelis oswa yon moun k ap fè kòmantè pa kapab parèt pa videyo akòz difikilte teknik, Ofisyè Odyans yo ap bay panelis la oswa kòmantatè a yon kantite tan rezonab pou rezoud difikilte teknik yo. Si difikilte teknik sa yo pa ka rezoud apre yo fin fè efò rezonab, Ofisyè Odyans yo ka mande panelis la oswa kòmantatè a pou l prezante pa telefòn.

F. Kontwòl videyo ak odyo

Pou diminye bri anbyen ak lòt pètibasyon, tout panelis yo ak kòmantatè yo dwe fèmen mikwo yo lè yo p ap pale. Ofisyè Odyans yo pral itilize kontwòl odyo Zoom yo pou dezaktive oswa aktive son panelis ak kòmantatè yo jan sa nesesè.

G. Anrejistreman

Platfòm videyokonferans Zoom nan pral retransmèt konferans teknik la; men, difizyon an p ap anrejistre epi yo p ap fè pati dosye ofisyèl pwosedi sa a. Pou asire bon dewoulman konferans teknik la, fonksyon tchat ak anrejistreman platfòm videyokonferans Zoom yo pral dezaktive pandan konferans teknik la.

H. Òganizasyon Konferans Teknik la ak Poz yo

Konferans teknik la ap kòmanse a 10:00 a.m. epi li pral fini a 5:00 p.m. sof si Ofisyè Odyans yo ta di otreman. Ofisyè Odyans yo pral prevwa poz jan sa nesesè.

I. Kesyon

Pou nenpòt kesyon konsènan memorandòm sa a, tanpri kontakte Laurie Ellen Weisman, Avoka prensipal, nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), oswa Scott Seigal, Ofisyè Odyans lan, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov).